# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–04 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के लोकभवन सभागार में उत्तर प्रदेश अधीनस्थ सेवा चयन आयोग से चुनल गइल तेरह सौ चौंतीस अवर अभियंता, संगणक अउर फोरमैन के नियुक्ति पत्र दिहलें। मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला साढ़े सात साल में नियुक्ति के जवन प्रक्रिया पारदर्सिता अउर सुचिता के साथे आगे बढ़ल हउवे ई सात बरिस पहिले संभव नाही रहे। आजु हमहन के साढ़े छौ लाख से जियादे सरकारी नियुक्ति कइलें हईं। आजु जब हमहन के लग्गे मैन पावर क कमी पूरा भईल त इहे परदेस जवन देस के विकास क रूकावट मानल जात रहे ऊ तेजी से आगे बढ़त हउवे। श्री योगी कहलें कि आजु एइजा नियुक्ति पावे वालन में हर जिला का प्रतिनिधित्व देखाई देता। खाली प्रतिभा अउर आरक्षण के नियम क पालन करत प्रतिभासाली नवजवानन के नियुक्ति कइल गइल हउवे।

ओहर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रयागराज के फूलपुर में आयोजित एगो कार्यक्रम में पांच हजार नवजवानन के नियुक्ति पत्र अउर विद्यार्थियन के स्मार्ट फोन अउर टेबलेट दिहले। येह मौका पर मुख्यमंत्री चार सौ सात करोड़ के कई गो विकास परियोजना का लोकार्पण अउर सिलान्यासों कइलें।

**********

केंद्रीय पर्यावरण, वन अउर जलवायु परिवर्तन मंत्रालय स्वच्छ वायु सर्वेक्षण 2024 के परिणाम क घोसणा कै दिहले हउवे। येह सूची में प्रदेस क आगरा, झांसी, फिरोजाबाद अउर रायबरेली अलगि–अलगि श्रेणी के टॉप तीनि सहरन में जगह बनवले हवे। वित्तीय बरिस दुइ हजार तेइस–चउबीस खातिर एक सौ एकतीस सहरन में वायु प्रदूसण के स्थिति क मूल्यांकन करवले के बाद ई परिणाम जारी कइल गइल हवे। येह सहरन के सात सितम्बर के जयपुर में आयोजित कार्यक्रम में सम्मानित कइल जाई।

ई वार्षिक सर्वेक्षण राष्ट्रीय स्वच्छ वायु कार्यक्रम– एनसीएपी के तहत कइल गइल रहे, जवन सहरन के वायु गुणवत्ता सुधार उपाइनि क मूल्यांकन करे ला। तीनि श्रेणी में होखे वाले मूल्यांकन में श्रेणी–एक के दस लाख से बेसी जनसंख्या वाले सहरन में आगरा के तिसरा स्थान मिलल हवे। श्रेणी दुइ के तीनि से दस लाख के जनसंख्या वाले सहरन में फिरोजाबाद के पहिला स्थान अउर झांसी के तिसरा स्थान मिलल हउवे जबकि श्रेणी तीनि के तीनि लाख से कम जनसंख्या वाले सहरन में रायबरेली के पहिला स्थान मिलल हवे। ई उपलब्धी उत्तर प्रदेस के सहरन के वायु गुणवत्ता में सुधार अउर ओइजा के रहे वाले लोगिन के स्वस्थ जीवन अउर स्वच्छ पर्यावरण बनवले के प्रति प्रतिबद्धता के रेखांकित करे ला।

**********

बहराइच जिला में आतंक क पर्याय बनि चुकल आदमखोर भेड़िया के जरूरति परले पर गोली मरले के राज्य सरकार के निरदेस के बाद परभावित इलाकन में नौ गो सूटर कै टीमि तैनात कइल गइल हवे। बहराइच क प्रभागीय वनाधिकारी अजीत प्रताप सिंह आजु बतवलें कि उच्चाधिकारियन से निरदेस मिलले के बाद नौ गो सूटरन क टीमि इलाका में तैनात कइ दिहल गइल हव। एहमें से छौ गो सूटर वन विभाग क अउर तीनि गो पुलिस विभाग क हउवें। उहां के बतवलीं कि वन विभाग पूरा अभियान क्षेत्र के तीनि हिस्सा में बंटले हवे अउर एक–एक गो बिसेस दल बनवले के अलावे एगो टीमि रिजर्व रक्खल गइल हवे। हर दल में तीनि सूटर रक्खल गइल हवें। उहां के कहलीं कि हमहन क कोसिस हउवे कि जइसहीं आदमखेर भेड़िया देखाई पड़े त ओहके पकड़ल जाय अउर कउनों चिड़िया घर में भेजल जाय आ चाहे जरूरति पड़ले पर गोली मारि दिहल जाय।

**********

उपमुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु लखनऊ में एगो प्रेसवार्ता कइ के भाजपा की ओरि से चलावल जा रहल सदस्यता अभियान के अगिला चरण के बारे में जनकारी दिहलें। श्री पाठक बतवलें कि भाजपा सदस्यता अभियान क पहिला चरण दुइ सितम्बर से पचीस सितम्बर ले, दुसरका चरण दस अक्टूबर से पनरह अक्टूबर ले चलावल जाई। इग्यारह से सतरह सितम्बर ले भाजपा कार्यकरता लोगि घरे–घरे जा के सदस्यता अभियान खातिर सम्पर्क करिहें। दस अक्टूबर से एकतीस अक्टूबर ले सक्रिय सदस्यता अभियान चली। जवन भी सदस्य येह दौरान सौ गो साधारण सदस्य बनइहें, उन्हें सक्रिय सदस्य के रूप में सदस्यता मिली। हर अत्तवार के भाजपा अटल सदस्यता अभियान मनाई। येह दिन पारटी क सांसद अउर विधायक कम से कम बीस लोगिन के भाजपा क सदस्य बनइहें।

**********

प्रदेस में लखनऊ अउर आसपास के कुछु जिला में आजु भिन्नहीं से रूकि–रूकि के हो रहल बरखा से मौसम सुहाना हो गइल बाटे। अचक्के में भइल बरखा से जहवां लोगिन के उमस भरल गरमी से राहति मिलल हउवे ओहीं, कई जगहिनि पर जलभरावो हो गइल बाटे। भिन्नहियें से बादर क आवाजाही लागल बाटे। ओहीं, कई जिलन में तेज घाम अउर उमस भरल गरमी से लोगिन के परसानी क सामना करे के पड़त हउवे। मौसम विभाग प्रदेस के सोनभद्र, मिर्जापुर, चंदौली, प्रयागराज, संतरविदास नगर, वाराणसी, गाजीपुर, जौनपुर, बलिया, प्रतापगढ़, आजमगढ़, देउरिया, अजोध्या, गोरखपुर, संतकबीरनगर, मऊ, गोंडा, बस्ती, कुशीनगर के सथहीं ढेरि जिलन में बरखा क अनेसा जतवले हवे।

**********